

Regionorganizasyon Planifikasyon Metropoliten Rejyon Boston an

2021 Plan Asistans Lang

njou

你好

Hola

AIO

Olá

Xin châ



Plan Asistans pou Lang 2021, Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten (Metropolitan Planning Organization, MPO) Rejyon Boston

Manadjè Pwojè a
Betsy Harvey

Direktè Pwojè a
Jonathan Church

Analis Done
Margaret Atkinson


Grafis
Ken Dumas

Desen kouvèti
Kim DeLauri

Preparasyon dokiman sa te sipòte
Pa Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration) atravè
MPO konbine ak PL la ak 5303 #112310.

Pèsonèl Planifikasyon Transpò Santral la
dirije pa Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten (Metropolitan Planning
Organization, MPO) Rejyon Boston nan MPO a konpoze ak
Ajans eta ak reyonal ak otorite, ak Gouvènman lokal yo.

Me 2021



Pou kesyon jeneral, kontakte

Central Transportation Planning Staff
State Transportation Building
Ten Park Plaza, Suite 2150
Boston, Massachusetts 02116

857.702.3700
ctps@ctps.org
ctps.org

Òganizasyon Planifikasyon Metropoliten (MPO) Rejyon Boston nan jere pwogram, sèvis ak aktivite li yo nan konfòmite ak lwa federal kont diskriminasyon an ki enkli Lwa Tit VI sou Dwa Sivil 1964 la (Title VI), Lwa sou Restorasyon Dwa Sivil 1987 la, ak lòt kondisyon ak règlemantasyon ki lye yo. Tit VI lan entèdi diskriminasyon nan pwogram ki gen asistans federal yo epi li egzije ke yo pa dwe ekskli okenn moun nan peyi Etazini Damerik, sou baz ras, koulè, oubyen peyi orijin (ki enkli moun ki pa pale anglè byen), pou patisipe, refize benefis, oubyen fè yo sibi diskriminasyon nan okenn pwogram oubyen aktivite k ap resevwa asistans finansye federal. Lwa federal kont diskriminasyon ki lye yo ke Administrasyon Otowout Federal, Administrasyon Transpò Federal la, oswa toulede administre yo, entèdi diskriminasyon sou baz laj, sèks, ak enfimite. MPO Rejyon Boston lan konsidere popilasyon pwoteje s yo nan Pwogram Tit VI li yo konfòmeman ak entèpretasyon ak administrasyon federal la. Anplis, MPO Rejyon Boston nan bay aksè ki enpòtan nan pwogram, sèvis, ak aktivite li yo pou moun ki pa metrize anglè byen, nan konfòmite ak politik ak enstriksyon Depatman Transpò Ameriken an (U.S. Department of Transportation) sou Manda Egzekitif federal 13166 la.

MPO Rejyon Boston nan konfòme I tou ak Lwa sou Aranjman Biblik Massachusetts la, M.G.L. C272 Sesyon 92a, 98, 98a, ki entèdi pou fè distensyon, diskriminasyon oswa restriksyon nan admisyon, oswa tretman nan akomodasyon yon plas biblik baze sou ras, koulè, kwayans reliye, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, enfimite ak zansèt. Menm jan, MPO Rejyon Boston nan konfòme ak seksyon 4, Dekrè Egzekitif 526, Gouvènè a ki egzije tout pwogram, aktivite, ak sèvis eta a bay, fè, otorize, frete, finanse, règlemente oswa kontrakte, dwe fèt san diskriminasyon ilegal ki baze sou ras, koulè, laj, jan, gwoup etnik, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon jan, kwayans reliye, zansèt, orijin nasyonal, enfimite, estati ansyen konbatan (ki enkli anyen militè nan peryòd Vietnam), oswa antesedan.

Ou ka jwenn yon fòm pou plent ak plis enfòmasyon lè ou kontakte MPO oswa sou http://www.bostonmpo.org/mpo_non_discrimination.

Pou mande enfòmasyon sa nan yon lang diferan oswa nan yon fòma ki aksesib, tanpri kontakte Title VI Specialist
Boston Region MPO
10 Park Plaza, Suite 2150
Boston, MA 02116
civilrights@ctps.org

Pa telefòn:

857.702.3702 (vwa)

Pou moun ki gen difikilte pou tandé oswa pale, konekte atravè sèvis MassRelay eta a:

- **Relè ki itilize TTY oswa Ekout san entèvansyon (Hearing Carry-over):** 800.439.2370
- **Relè ki itilize Transmisyon vokal (Voice Carry-over):** 866.887.6619
- **Relè ki itilize Sentèz Vokal (Text to Speech):** 866.645.9870

Pou plis enfòmasyon, ki enkli nimewo pou moun ki pale espanyòl yo, vizite <https://www.mass.gov/massrelay>

Rezime

Dekrè Egzekitif 13166—*Amelyore aksè nan sèvis yo pou moun ki pa metrize anglè (Limited English Proficiency, LEP)*—mande benefisyè finansman federal yo pou « asire ke pwogram ak aktivite yo bay nòmalman an Anglè yo aksesib pou moun ki se LEP e kidonk pou pa fè diskriminasyon sou baz orijin nasyonal nan vyolasyon ak Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la.” Nan repons pou règleman ak règlementasyon ki vini apre ke Depatman Transpò (Department of Transportation) Etazini an te devlope, Plan Asistans pou Lang (Language Assistance Plan, LAP) a dekri beswen pou lang rezidan yo nan 97 minisipalite Òganizasyon Planifikasyon Metropoliten (Metropolitan Planning Organization, MPO) Rejyon Boston nan sèvi yo ak asistans pou lang oral ak ekri ke MPO a bay pou reponn ak bezwen sa yo. Pliske MPO a se yon benefisyè finansman federal ki soti nan Administrasyon Transpò Piblik Federal la ak Administrasyon Otowout Federal la, LAP sa reponn ak egzijans ajans sa yo fikse yo pou bay asistans pou lang nan aktivite ak pwogram MPO yo.

TAB DEMATYE

PAJ

Rezime Egzekitif	7
ES.1 Entwodiksyon	7
ES.2 Detèmine bezwen nan lang	7
ES.2.1 Kantite ak pòsyon moun ki LEP nan Rejyon Boston	7
ES.2.2 Frekans kontak	8
ES.2.3 Nati ak enpòtans pwogram, sèvis ak aktivite MPO yo	8
ES.2.4 Resous ki disponib pou MPO a	9
ES.3 Bay asistans pou lang	9
ES.3.1 Asistans pou lang oral	9
ES.3.2 Asistan spou lang ekri	9
ES.4 Kontwòl ak mizajou plan an	10
Chapit 1—Entwodiksyon.....	11
1.1 Objektif.....	11
1.2 Kontèks règlemantè federal.....	11
Chapit 2—Detèmine bezwen lang	13
2.1 Faktè 1: Kantite ak pòsyon moun ki LEP nan Rejyon Boston.....	13
2.1.1 Echantillon Mikwodone pou Itilizasyon Piblik (Public Use Microdata Sample, PUMS)	13
2.1.2 Done Depatman Edikasyon Massachusetts.....	17
2.2 Faktè 2: Frekans kontak.....	23
2.3 Faktè 3: Nati ak enpòtans pwogram, sèvis ak aktivite MPO yo.....	23
2.4 Faktè 4: Resous ki disponib pou MPO	24
Chapit 3—Bay asistans pou lang	26
3.1 Asistans lang oral	26
3.1.1 Angajman piblik fizik	26
3.1.2 Angajman piblik vityèl.....	26
3.2 Asistans lang ekri.....	26
3.2.1 Dokiman vital yo	26
3.2.2 Sitwèb MPO a	27
3.2.3 Imel, sondaj ak rezo sosyo.....	27
Chapit 4—Kontwòl ak mizajou plan an	30

TABLO

Tablo 1 Lang sekirize yo pale nan Rejyon Boston

Tablo 2 Dis premye lang ki pa anglè moun k ap aprann anglè yo pale plis

IMAJ

Li pa jwenn okenn done pou imaj yo.

Imaj 1a Kantite moun k ap aprann anglè nan Distri Lekòl Minisipal yo

Imaj 1b Kantite moun k ap aprann anglè nan Distri Lekòl Rejyonal yo

Imaj 2a Lang prensipal yo pale nan Distri Lekòl Piblik yo: Espanyòl, pòtigè, chinwa,
kreyòl ayisyen, ak arab

Imaj 2b Lang prensipal yo pale nan Distri Lekòl Piblik yo: Vyetnamyen, ris, japonè,
fransè ak somalyen

Rezime Egzekitif

ES.1 ENTWODIKSYON

Antanke yon benefisyè finansman federal ki soti nan Administrasyon Sikilasyon Federal la (Federal Transit Administration, FTA) ak Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration, FHWA), Öganizasyon Planifikasyon Metropoliten (Metropolitan Planning Organization, MPO) Rejyon Boston an oblige respekte règleman ak dekrè egzekitif dwa sivil yo. Lwa sa yo enkli Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, ki entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè ak orijin nasyonal. Dekrè Ekzekitif 13166 pou —*Amelyore aksè nan sèvis pou moun ki pa metrise anglè (Limited English Proficiency, LEP)*— klarifye ke pwoteksyon pou orijin nasyonal yo enkli moun LEP yo. Li avize benefisyè finansman federal yo pou bay bon jan aksè nan lang pou sèvis yo. Jan Depatman Transpò Etazini an (United States Department of Transportation, USDOT) endike nan règleman yo, Plan Asistans pou Lang sa (LAP) dekri popilasyon ki se LEP k ap viv nan 97 minisipalite nan rejon Boston lan ak apwoch MPO a pou bay asistans lang ki enpòtan.

ES.2 DETÈMINE BEZWEN LANG YO

Chapit 2 nan LAP a dekri rezulta analiz « kat faktè » a ke USDOT egzije benefisyè finansman federal yo. Analiz la dekri popilasyon LEP a nan rejon Boston nan, pwogram ak sèvis MPO yo, chak konbyen moun LEP yo vin an kontak ak pwogram ak sèvis MPO yo, ak resous MPO yo pou bay asistans lang.

ES.2.1 Kantite ak Pwopòsyon Moun LEP nan Rejon Boston nan

Nan tan pase yo, anplwaye MPO yo te konte sou tablo rezime Sondaj Kominotè Ameriken an (American Community Survey, ACS), paske sa yo bay enfòmasyon ki pi detaye sou kantite moun LEP ki nan rejon Boston ak lang yo pale. Depi dènye LAP MPO a te pibliye an 2017 la, ACS la te chanje fason lang yo klase nan tablo rezimi yo epi mete kontwòl yo mete sou done yo ajou pou pwoteje konfidansyalite moun k ap reponn yo. Nan ka sa, tablo rezime ACS yo pa bay detay lang ki sifilan pou reponn ak egzijans federal yo pou LAP yo.

Pou reponn ak egzijans sa yo, anplwaye yo te vire vè done Echantyon Mikwodone pou Itilizasyon Piblik (Public Use Microdata Sample, PUMS), Biwo Resansman Ameriken yo. Pandan itilizasyon done PUMS yo itilize menm done brit ki soutni tablo rezime ACS yo, sa genyen dosye endividiyèl moun oswa fanmi, ki pèmèt itilizatè yo kreye tablo done ki pa t ap posib pou kreye ak tablo rezime ACS ki te konpile anvan yo. Men, pou pwoteje konfidansyalite done PUMS total nan zòn jewografik ki pi gran yo ki rele Zòn Mikwoechantyon pou Itilizasyon Piblik (PUMA), ki pa sou menm liy ak fwontyè rejon Boston nan pafètman. Lè yo

estime pouvantaj moun nan pòsyon PUMA ki nan rejyon Boston nan, anplwaye yo te kapab detèmine kantite pòsyon moun ki pale lang ki pa anglè epi ki gen LEP nan yon nivo detay ki pa disponib pou tablo rezime ACS yo.

Anplwaye MPO yo kolekte done PUMS 2015–19, montre ke 11.2 pousan moun nan rejyon Boston gen LEP. Trant sis lang reponn ak limit « baz sekirite » pou genyen omwen 1,000 moun ki pale oswa senk pousan total popilasyon LEP ki pi piti a. Espanyòl (36.5 pousan), Chinwa (16.7 pousan), Pòtigè (11.3 pousan), Kreyòl (7.1 pousan), ak Vyetnamyen (5.0 pousan) kontinye se senk lang moun LEP yo plis pale nan rejyon Boston nan.¹

Pou jwenn plis detay sou ki kote nan rejyon Boston nan yo pale lang sa yo, anplwaye yo te analize done lang pou distri lekòl publik minisipal ak rejyonal yo. Depatman Edikasyon Massachusetts la (Massachusetts Department of Education, MDOE) kolekte done sou kantite elèv k ap aprann anglè yo (English language learners, ELLs), ak lang yo pale. Espanyòl (52.6 pousan), Portuguese (18.3 pousan), Chinwa (5.9 pousan), Haitian Creole (5.0 pousan), ak Arab (2.9 pousan) se senk lang ELL yo pale plis. Done ki pi detaye sa pèmèt estaf MPO a wè tou nan ki minisipalite chak lang pale, ki ede nan sansibilizasyon publik la.

ES.2.2 Frekans Kontak

MPO pa gen kontak souvan ak moun ki gen LEP yo. Kontak yo fèt pi souvan atravè komunikasyon anliy MPO a yo, tankou sitwèb, imel ak ankèt yo. Anplwaye MPO yo fè aktivite sansibilizasyon nan kominote kote LEP yo rete yo ak òganizasyon ki enplike moun ki gen LEP yo. Aktivite sa yo sipòt devlopman dokiman sètifikasyon MPO yo souvan—Plan Transpò Alontèm nan (Long-Range Transportation Plan, LRTP), Plan Amelyorasyon Transpò a (Transportation Improvement Program, TIP), ak Pwogram Travay Planifikasyon Inifye a (Unified Planning Work Program, UPWP). Men, gen lòt evènman ki fèt tou pandan tout aktivite angajman publik MPO yo.

ES.2.3 Nati ak enpòtans pwogram, sèvis ak aktivite MPO yo

MPO a fè etid transpò, chwazi pwojè transpò pou finanse, fè planifikasyon alontèm, epi bay asistans teknik. Byenke refi oswa reta nan aksè nan aktivite sa yo pa t ap gen enplikasyon touswit oswa ki menase lavi pou moun ki gen LEP yo, amelyorasyon transpò ki fèt akoz desizyon MPO yo genyen yon enpak sou mobilite ak kalite lavi tout rezidan yo. Angajman publik la enpòtan pou siksè

¹ Anvan 2016, yo te kode lang kreyòl abaz fransè yo kòm Kreyòl Fransè nan ACS la. Akoz pifò moun sa yo pale Kreyòl Ayisyen, apati 2016 yo te rebay Kreyòl Ayisyen an kòd Kreyòl, ki enkli Kreyòl Ayisyen ak tout lòt kreyòl abaz fransè ki konprensib youn pou lòt. LAP sa itilize nouvo teknoloji ak definisyon sa, sof lè l ap fè referans ak done Depatman Edikasyon Massachusetts yo, ki itilize ekspresyon Kreyòl Ayisyen an.

aktivite ak pwogram MPO yo. Poutèt sa, estaf MPO a fè tout efò pou asire ke tout moun, kèleswa lang yo pale, gen opòtinite pou bay opinyon sou jan planifikasyon transpò rejyonal la fèt.

ES.2.4 Resous ki disponib pou MPO a

An fonksyon kantite ak kalite rankont y ap tradwi materyèl yo pou yo a, MPO a te gen bidgè fon ki ase pou tradwi dokiman enpòtan yo nan twa lang LEP yo pale plis yo nan rejyon an, jan yo idantifye li nan LAP sa. Bidjè a gen ase fon tou pou tradwi dokiman yo nan lòt lang, jan li nesesè, pou sansibilizasyon piblik la oubyen pou reponn a demand yo. Anplis, MPO a genyen resous ki sifilan pou bay sèvis entèprèt jan yo mande oswa nesesè nan rankont ak evènman sansibilizasyon MPO a patwone yo.

ES.3 BAY ASISTANS POU LANG

ES.3.1 Asistans nan lang oral

MPO a bay asistans pou lang nan evènman piblik an pèsòn ak anliy yo alafwa. Nan rankont konsèy MPO yo, yo ka mande sèvis entèprèt omwen sèt jou alavans pou rankont an pèsòn ak rankont vityèl yo alafwa. Anplwaye yo fè aktivite sansibilizasyon piblik tou espesyalman nan kominate kote moun ki LEP yo rete yo ak òganizasyon ki enplike moun ki LEP yo. Pou detèmine bezwen nan lang yo, estaf la konte sou done ki kolekte pou LAP sa epi kowòdone ak patnè lokal yo. Akoz done ACS ak MDOE yo pa toujou detaye ase, patnè lokal yo enpòtan pou pèmèt MPO a bay sèvis entèprèt ki apwopriye ki adapte pou kominate a.

ES.3.2 Asistans nan lang ekri

MPO a bay tradiksyon ekri « dokiman vital, » yo jan règleman federal yo egzije I la. Dokiman vital yo se sa yo ki genyen enfòmasyon ki enpòtan anpil pou jwenn sèvis MPO yo oswa ke lalwa egzije. Dokiman ak materyèl sa yo konsidere kòm dokiman vital:

- Avi sou Dwa ak Pwoteksyon kont Diskriminasyon
- Pwosedi pou Plent ak fòmilè
- Dokiman ak medya ki pèmèt moun ki gen LEP yo patisce nan fonksyon prensipal MPO yo enkli dokiman sansibilizasyon piblik, ankèt ak lòt medya ke yo bay opinyon atravè yo.
- Rezime Egzekitif LRTP, TIP, UPWP, ak Rapò Tit VI ki soti chak twa zan an
- LAP
- Avi rankont

Dokiman sa yo tradui nan senk lang pou pi piti pou moun ki LEP nan rejyon an pi pale yo: Espanyòl, Chinwa (senplifye ak tradisyonèl), Pòtigè, Kreyòl, ak Vyetnamyen. Tout manm piblik la ka mande yon tradiksyon nenpòt dokiman MPO a nan yon lang yo pa bay regilyèman.

Pou reponn ak bezwen tradiksyon sit entènèt la, sit entènèt MPO a ebèje Google Translate, yon zouti ki baze sou navigatè a ki tradwi kontni sit entènèt la nan plis pase san lang, ki enkli tout lang Sekirize nan rejyon Boston nan. Tout kontni sitwèb MPO a disponib nan fòma HTML pou Google Translate ka bay yon tradiksyon. Anplis, lè li itilize Google Translate la, tout imel ki soti nan MPO a ka tradui nan plizyè douzèn lang. Ankèt yo, ke anplwaye yo souvan itilize epi ki distribye prensipalman anliy, tradui nan lang Espanyòl, Chinwa (senplifye ak tradisyonèl), Pòtigè, Kreyòl, ak Vyetnamyen.

ES.4 KONTWÖL AK MIZAJOU PLAN AN

Estaf MPO a kontinye kontwole bezwen lang k ap chanje rejyon an yo, epi mete sèvis asistans lang yo ajou nan fason ki apwopriye. Estaf la ap eksploré san rete nouvo sous done ki bay yon konpreshansyon ki pi distenje sou bezwen lang rezidan nan reyon an. Estaf MPO a ap kontinye goumen pou amelyore angajman li ak moun ki gen LEP ak òganizasyon kominotè ki sèvi yo. Toutotan nouo done sou lang ap vin disponib epi apwoch pou ede moun ki gen LEP yo ap evye, LAP sa ap revize.

Chapit 1—Entwodiksyon

1.1 OBJEKTIF

Politik Òganizasyon Planifikasyon Metropoliten (MPO) Rejyon Boston, se pou asire ke pa ni fè diskriminasyon kont moun ki pa metrize lang anglè (LEP) ni refize yo aksè enpòtan ak patisipasyon nan pwogram, aktivite ak sèvis MPO a bay yo. Plan Asistans Lang (LAP) sa dekri kijan anplwaye MPO yo bay asstans lang ki apwopriye pou moun ki gen LEP yo lè li evalye bezwen pou sèvis lang yo, mete anplas sèvis lang ki bay aksè ki enpòtan nan pwosesis planifikasyon transpò MPO a, epi pou pibliye enfòmasyon konsènan sèvis sa yo san yo pa enpoze yo sou resous MPO yo.

Fonksyon prenspal MPO a se fè angajman piblik ki enpòtan pou asire ke planifikasyon transpò reyjonal la fèt nan fason ki transparan epi san pati pri. Byenke LAP a fèt pou reponn ak egzijans federal yo, li sipòte anplwaye MPO yo nan devlopman ak mizanplas efò angajman ak komunikasyon piblik yo. Efò sa yo dekri nan Plan Sansibilizasyon Piblik (Public Outreach Plan, POP) MPO a. Mizajou nan LAP a te devlope nan kowòdinasyon ak POP ki pi resan an.

1.2 KONTEKS REGLEMANTASYON FEDERAL

Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la entèdi ajans federal ak benefisyè asistans finansye yo fè diskriminasyon sou baz peyi orijin, ke yo deziyen kòm LEP yo. Anplis, Dekrè Egzekitif 13166 la pou *Amelyorasyon Aksè à Sèvis pou Moun ki pa Metrize Lang Anglè* yo te siyen nan dat 11 out 2000, òdone ajans federal yo, ansanm ak benefisyè asistans finansye federal (tankou MPO yo), pou bay bon jan aksè nan lang pou LEP yo nan sèvis ajans yo. Kòm repons ak règleman sa yo, Depatman Transpò Etazini an (United States Department of Transportation, USDOT), te bibliye politik oryantasyon nan lane 2005 pou benefisyè asistans finansye li yo, ki dekri responsablite benefisyè yo pou founi bon jan aksè pou LEP yo lè yo idantifye faktè yo dwe konsidere yo pou fè sa.

Pou reponn ak responsablite sa yo, MPO Rejyon Boston nan te devlope yon LAP ki baze sou enstriksyon ki soti nan USDOT ak Administrasyon Sikilasyon Federal la (FTA). Yo mete LAP sa ajou chak twa zan. Jan Sikilè 4702.1B, FTA a te presize l la, LAP a evalye kat faktè ki vini apre yo, lè l ap detèmine bezwen lang moun LEP MPO a desèvi yo:

- Faktè 1: Kantite ak pòsyon moun LEP ki kalifye pou yo sèvi oswa ki gen chans pou rankontre yon pwogram, aktivite, oubyen sèvis benefisyè a
- Faktè 2: Chak kilè moun ki gen LEP yo vin an kontak ak pwogram, aktivite, oubyen sèvis la

- Faktè 3: Nati ak enpòtans pwogram, aktivite oubyen sèvis benefisyè a bay pou lavi moun
- Faktè 4: Resous ki disponib pou benefisyè a ak konbyen yo koute

Chapit 2 a dekri rezulta analiz kat faktè sa

Chapit 2—Detèmine bezwen lang yo

Seksyon ki annapre yo etidye chak nan kat faktè nan chapit anvan an epi dekri rezulta analiz ki fèt pou chak faktè.

2.1 FAKTE 1: KANTITE AK POSYON MOUN KI LEP NAN REJYON BOSTON NAN

Nan LAP anvan yo, estaf MPO a te itilize tablo rezime Ankèt Kominotè Ameriken an (American Community Survey, ACS) pou idantifye lang moun ki LEP k ap viv nan rejyon Boston yo pale. Men, apati ACS 2016 la, Biwo Resansman Ameriken an (US Census Bureau) te chanje fason yo repòte lang ki pa anglè ke moun yo pale lakay yo nan tablo rezime ACS yo. Yo te mete ajou kòd pou lang yo pale lakay yo pou reflete chanjman nan kantite moun ki pale lang diferan yo, ki lakoz yo ajoute kèk nouvo lang epi reòganize lòt yo (pa egzanp, Kreyòl Fransè vin tounen Ayisyen). Anplis, nan yon efò pou pwoteje konfidansyalite moun ki pale lang yo mwens pale yo, nan rejyon jewografik ki pi piti yo, yo te diminye lang sa yo epi rapòte yo sou fòm gwoup ak lòt lang ki nan menm fanmi lang ak yo (tankou Lòt Lang Endo-Ewopeyen yo).²

Nan tan pase yo, minisipalite a te kolekte done yo epi gwoupe yo ak rejyon MPO a pou detèmine kantite ak pousantaj moun ki LEP; men, yo pa rapòte anpil lang ankò pou minisipalite ki pi piti yo. Sa vle di estaf MPO a ta ka pa idantifye anpil lang ki pale nan fason endividiyèl ke yo te idantifye nan dènye LAP (2017) la ki itilize tablo rezime ACS yo. Pou simonte defi sa yo, estaf la te reyini done lang ki soti nan lòt sous pou bay yon imaj konplè sou bezwen lang yo nan reyon Boston nan.

2.1.1 Echantiyon Mikwodone pou Itilizasyon Piblik (Public Use Microdata Sample, PUMS)

Done PUMS Biwo Resansman an itilize menm done brit yo rasanble pou ACS yo men yo bay yo tankou done ki pa nan tablo sou moun ak inite lojman pou pèmèt itilizatè yo kreye tablo pèsonalize ki pa disponib nan tablo rezime yo kreye pou pwodui regilye ACS yo. Akoz nati done yo ki pa gwoupe, yo soumèt ak plis kontwòl konfidansyalite ki pi estrik. Kontwòl sa yo limite gwosè zòn jewografik yo kote yo ka idantifye done yo pou yo. Zòn ki pi piti ke done PUMS yo disponib pou yo se Zòn Mikwodone pou Itilizasyon Piblik (PUMA).

² Gade: https://www.census.gov/content/dam/Census/programs-surveys/acs/tech-doc/user-notes/2016_Language_User_Note.pdf.

PUMA se zòn jewografik patikilye pou PUMS ki gen yon popilasyon 100,000 a 200,000 moun apwoksimativman. Yo baze sou gwoupaj kontini pasèl oswa konte nan yon eta. Byenke kèk PUMA nan rejyon Boston nan sou menm liy ak fwontyè MPO a, gen kèk ki pa sou menm liy.³ Men, done PUMS yo bay nivo detay konsènan lang moun LEP yo pale lakay jan règleman FTA yo egzije a; kidonk, done PUMS yo se, pi bon opsyon pou MPO a respekte egzijans feral yo.

Done PUMS 2015–19

Byenke popilasyon ki LEP nan rejyon Boston nan ka idiantifye lè w itilize tablo rezime ACS nòmal yo, konfòmeman ak fason yo idantifye moun ki pa pale anglè nan LAP sa, itilizasyon done ACS PUMS pou repòte toulede kalite enfòmasyon yo. Dapre done ki soti nan PUMS 2015–19, 11.2 poustan (349,345 moun) nan popilasyon 3,114,612 rejyon an ki gen senk an ak sa ki pi gran gen LEP. Pòsyon moun ki gen LEP ki pi gwo a pale Espanyòl (36.5 poustan), Chinwa (swa Mandaren oswa Kantonè) vini apre (16.7 poustan), epi Pòtigè oswa Kreyòl abaz Pòtigè (11.3 poustan). Ansanm, lang sa yo reprezante prèske de tyè (64.6 poustan) moun ki nan rejyon an ki LEP.

Enstriksyon USDOT yo presize sikonsans ki vle di prèv solid pou konfòmite yon benefisyè ak obligasyon tradiksyon ekri yo. Si yon benefisyè bay tradiksyon ekri dokiman enpòtan nan lang ki reponn a sèten limit—ki rele « Lang Sekirize yo (Safe Harbor languages) »—alò li pratikman reponn a obligasyon yo. Lang sekirize se lang ki pa Anglè ke moun ki LEP yo pale (nan sa ki kalifye, ke benefisyè a ka sèvi, oubyen li gen chans pou afekte oubyen rankontre) ki konstitye omwen senk poustan nan popilasyon an, oubyen 1,000 moun, pou pi piti. Nan rejyon Boston nan, lang Sekirize yo enkli moun ki pale lang ki nan Tablo 1 yo. Genyen 33 lang Sekirize nan rejyon Boston nan.⁴ Akoz montan pou founi tradiksyon nan tout 33 lang Sekirize yo limite, e pliske 4 premye lang yo konstitye plis pase twa ka nan nan tout lang moun ki LEP yo pale nan rejyon an, MPO a ap konsantre resous ekri li yo sou senk lang sa yo: Espanyòl, Chinwa (tradisyonèl epi senplifye), Pòtigè, Kreyòl, ak Vyetnamyen.⁵ (Gade chapit 4 la pou detay.)

³ Kote yon PUMA genyen vil sou nenpòt kote nan limit MPO a, yon pataj faktè aplike. Faktè sa estime, dabò lè w kalkile mwayèn popilasyon Resansman an te estime a pa vil ak PUMA pou ane 2015–19. Faktè a egal ak pousantaj PUMA total ki tonbe nan minisipalite MPO yo.

⁴ Kantite lang sa plis anpil pase 19 lang Sekirize ki te repòte nan LAP 2017 la. Eka sa fèt akoz chanjman an pati ki fèt nan fason lang yo kode, jan li te dekri anvan nan dokiman sa, ak diferans nan sous done (tablo rezime acs yo pa rapò ak done PUMS yo).

⁵ Pou dyalèk ki pale yo, Chinwa ki enkli Mandaren ak Kantonè. Ou Chinwa ekri, MPO a tradi dokiman yo an Chinwa tradisyonèl ak senplifye. Anvan 2016, yo te kode lang kreyòl abaz fransè yo kòm Kreyòl Fransè nan ACS la. Akoz piò moun sa yo pale Kreyòl Ayisyen, apati 2016 yo te rebay Kreyòl Ayisyen an kòd Ayisyen, ki enkli Kreyòl Ayisyen ak tout lòt kreyòl abaz fransè ki konpreyansib youn pou lòt. LAP sa itilize nouvo teknoloji ak definisyon sa, sof

Konparezon ant LAP ak sa ki te fèt an 2027 la pa pafè. Yon konparezon konplè done ki soti nan dènye LAP MPO a pa posib akoz chanjman nan fason done lang ACS yo kategorize ak kontwòl konfidansyalite yo jan li dekri anwo a. Men, yo ka konpare kèk lang endivididyèl. Kote ki posib, Tablo 1 an montre pousantaj chanjman nan kantite moun ki LEP pou chak lang depi dènye LAP ki te fèt an 2017 la. Pou LAP sa, dote yo te itilize yo soti nan tablo rezime 2010–14 ACS yo. Akoz ane yo te itilize pou done nan sa ak LAP 2017 la p ap kowenside, yo ka konpare yo pou lang sa yo ke Biwo Resansman an rekòmande yo.⁶ Rejyon jewografik yo te itilize pou gwoupe done yo diferan, menm jan ak kòd pou kèk lang. Kidonk, lektè yo ta dwe konpare done yo ak prekosyon epi konsantre sou direksyon ak gwosè pousantaj chanjman ant LAP yo, olye li konsantre sou kantite presi.

Tablo 1
Lang sekirize yo pale nan Rejyon Boston

Lang	Kantite moun ki pale ¹	Pousantaj chanjman depi LAP 2017 la	Pousantaj moun ki gen LEP	Pousantaj nan popilasyon rejyon Boston an
Espanyòl	126,018	19.6%	36.5%	4.0%
Chinwa (ki enkli Mandaren ak Kantonè)	57,687	15.6%	16.7%	1.9%
Pòtigè ak Kreyòl abaz Pòtigè yo	39,144	12.5%	11.3%	1.3%
Kreyòl ²	24,623	14.2%	7.1%	0.8%
Vyetnamyen	17,361	15.1%	5.0%	0.6%
Rus	11,236	-4.5%	3.3%	0.4%
Arab	7,124	-26.9%	2.1%	0.2%
Italyen	5,871	-24.7%	1.7%	0.2%
Fransè (ki enkli Akadyen) ³	5,574	3.8%	1.6%	0.2%
Lòt lang Endo-Ewopeyen yo	5,447	P/A	1.6%	0.2%
Koreyen	4,474	16.1%	1.3%	0.1%
Grèk	3,909	5.6%	1.1%	0.1%
Amarik, Somalyen oswa lòt lang Afwo-Azyatik	3,652	P/A	1.1%	0.1%
Japonè	2,903	5.6%	0.8%	0.1%
Nepali, Marati, oswa lòt lang endyen	2,810	P/A	0.8%	0.1%

lè l ap fè referans ak done Depatman Edikasyon Massachusetts yo, ki itilize ekspresyon Kreyòl Ayisyen an.

⁶ Pou enfòmasyon sou kijan pou konpare done lang ACS yo anvan ak apre 2016, gade https://www.census.gov/content/dam/Census/programs-surveys/acs/tech-doc/user-notes/2016_Language_User_Note.pdf.

Lang	Kantite moun ki pale¹	Pousantaj chanjman depi LAP 2017 la	Pousantaj moun ki gen LEP	Pousantaj nan popilasyon rejyon Boston an
Kmè	2,629	16.4%	0.8%	0.1%
Endou	2,500	21.2%	0.7%	0.1%
Lòt lang Azi	2,323	P/A	0.7%	0.1%
Yoruba, Twi, Igbo, oswa lòt lang Afrik				
Lwès yo	1,794	P/A	0.5%	0.1%
Gujarati	1,745	11.7%	0.5%	0.1%
Swahili osa lòt lang Afrik Santral, Lès ak				
Sid yo	1,658	P/A	0.5%	0.1%
Polonè	1,639	-6.2%	0.5%	0.1%
Tagalog (ki enkli Filipen)	1,319	-4.2%	0.4%	0.0%
Sèbo Kwoasyen	1,308	P/A	0.4%	0.0%
Pès (ki enkli Fasi ak Dari)	1,304	4.6%	0.4%	0.0%
Ikrenyen oswa lòt lang Slav yo	1,261	P/A	0.4%	0.0%
Tai, Lao, oswa lòt lang Tai-Kadai yo	1,228	P/A	0.4%	0.0%
Lòt lang epi ki pa presize	1,171	P/A	0.3%	0.0%
Bengali	1,147	P/A	0.3%	0.0%
Telugu	1,134	P/A	0.3%	0.0%
Amenyen	1,124	30.9%	0.3%	0.0%
Punjabi	1,094	P/A	0.3%	0.0%
Tamil	1,007	P/A	0.3%	0.0%
Total LEP ki pale lang Sekirize yo	345,218	20.5%	98.8%	11.2%
Popilasyon LEP Total	349,345	12.3%	100.0%	11.2%
Total popilasyon ki gen 5 an oswa plis	3,114,612	4.3%	P/A	100.0%

¹ Pami popilasyon ki gen senk an oswa pis yo, moun ki LEP yo enkli sila yo ki idantifye tèt yo kòm moun ki pale anglè byen, pa byen, oswa pa ditou.

² Anvan 2016, yo te kode lang kreyòl abaz fransè yo kòm Kreyòl Fransè. Akoz pifò moun sa yo pale Kreyòl Ayisyen, apati 2016 yo te rebay Kreyòl Ayisyen an kòd Ayisyen, ki enkli Kreyòl Ayisyen ak tout lòt kreyòl abaz fransè ki konpreyansib youn pou lòt.

³ Anvan 2016, yo te gwoupe patwa ak fransè. Apati 2016, yo te kode patwa dabitud kòm kreyòl abaz anglè Jamayiken, amwenke gen yon kòd ki pi awopriye ki te disponib.

LAP = Plan Asistans Lang (Language Assistance Plan). LEP = Moun ki pa Metrise Anglè (Limited English Proficiency). MPO = Metropolitan Planning Organization (Òganizasyon Planifikasyon Metropolitèn). N/A = P/D : Pa disponib.

Sous: Echantillon Mikwodone pou Itilizasyon Piblik 2015–19, Ankèt Kominotè Ameriken an; ak tablo rezime Ankèt Kominotè Ameriken 2010–14.

Done yo afiche ke gen yon ogmantasyon nan kantite moun ki LEP nan tout rejyon an. Ogmantasyon sa konsantre pami moun ki pale kèk lang. Plis moun ki LEP pale youn nan lang Sekirize MPO yo; gen 33 lang sekirize kounye a, ki se yon ogmantasyon pa rapò ak 19 ki te dokimante nan LAP 2017 la. Anplis, te genyen yon ogmantasyon nan pousantaj moun ki LEP ki pale lang sekirize yo. Espanyòl, lang ki pa anglè yo pi pale nan rejyon an, te obsève yon gwo ogmantasyon. Nan tout lang yo, Amenyen te obsève pousantaj ogmantasyon ki pi gwo a. Te gen yon ogmantasyon konstan nan pataj moun ki pale lang yo na Azi—ki enkli kmè, koreyen, chinwa, vyetnamyen, japonè ak pès. Anplis, plizyè lang nouvo nan lang sekirize yo, ki enkli punjabi, tamil, ak bengali. Men, senk lang te obsève yon bès nan kantite moun ki pale yo: Arab, italyen, polonè, ris ak tagalog.

2.1.2 Done Depatman Edikasyon Massachusetts yo


Akoz chanjman sa yo sou fason done lang tablo rezime ACS yo rapòte epi teren jewografik ki itilize pou done PUMS yo, estaf MPO yo te chèche lòt sous done sou lang moun ki LEP yo pale ki disponib nan yon zòn jewografik ki pi piti. Kèk ajans eta Massachusetts bay done lang sou moun yo sèvi yo, ki enkli Depatman Edikasyon Massachusetts (Massachusetts Department of Education, MDOE) Estaf MPO a te gade nan distri lekòl publik yo (distri lekòl minisipal ak reyonal yo) nan rejyon Boston nan. MDOE a kolekte done sou kantite elèv k ap aprann anglè (English language learners, ELL) nan chak distri lekòl, ansanm ak lang yo pale.⁷ Li ka asime ke si yon elèv se yon ELL, paran yo gen chans pou yo pa gen konpetans nan anglè. Byenke done yo pa lye pafètman ak definisyon LEP, USDOT a, yo pèmèt estaf la idantifye kote gen bezwen pou lang nan zòn jewografi ki pi piti yo, ki espesyalman itil lè estaf la fè sensibilizasyon publik nan kominote yo nan rejyon Boston. Dapre done ane lekòl 2020–21 yo, 11.8 pousan elèv lekòl primè ak segondè nan distri publik yo nan rejyon Boston se ELL sou 413,881 elèv. Imaj sa pwòch anpil de 11.1 pousan moun ki LEP nan rejyon an jan yo repòte nan done PUMS yo.

Imaj 1a a montre kantite elèv ELL nan distri lekòl minisipal yo, alòske Imaj 1b a montre kantite elèv ELL nan distri lekòl publik reyonal yo nan rejyon Boston.⁸ Distri lekòl ki gen plis elèv ELL yo se sa yo ki nan anviwon Boston, ak sa yo ki nan anviwon Framingham.

⁷ MDOE a defini yon elèv ELL kòm “yon elèv ke premye lang lan se yon lang ki pa anglè ki pa ka fè travay ödinè nan klas la an anglè.”

<http://profiles.doe.mass.edu/help/data.aspx?section=students#selectedpop>.


⁸ Kèk distri lekòl publik genyen vil ki pa nan rejyon Boston nan: King Phillips School District (ki enkli Plainville); Northboro-Southboro School District (ki enkli Northborough); Masconomet School District (ki enkli Boxborough); ak Nashoba School District (ki enkli Lancaster ak Stow).



MPO
REJYON
BOSTON

Imaj 1a
Kantite elèv k ap aprann anglè
nan Distri Lekòl Minisipalite yo

Plan asistans
pou lang



MPO
REJYON
BOSTON

Imaj 1b
**Kantite elèv k ap aprann anglè
nan Distri Lekòl Minisipalite yo**

Plan asistans
pou lang

Tablo ki anba a montre dis lang ki pa anglè ELL yo pale pi souvan.


Tablo 2
Dis premye lang ki pa anglè elèv k ap aprann anglè yo pale

Lang	Kantite elèv ELL	Pousantaj Elèv
Espanyòl	24 608	52.6%
Pòtigè (ki enkli Kreyòl Kap Vè)	8,579	18.3%
Chinwa	2,762	5.9%
Kreyòl Ayisyen	2,350	5.0%
Arab	1,372	2.9%
Vyetnamyen	1,156	2.5%
Rus	662	1.4%
Japonè	401	0.9%
Fransè	399	0.9%
Somalyen	282	0.6%

ELL = Moun k ap aprann anglè (English language learner).

Sous: Depatman Edikasyon Massachusetts, Ane lekòl 2020–21.


Imaj 2a ak 2b ki anba yo montre distribisyon dis premye lang sa yo, nan distri lekòl minisipal ak reyjonal yo. Remake ke pwen yo distribye owaza nan chak distri lekòl epi yo pa reprezante plas reyèl elèv ELL yo.



MPO
REJYON
BOSTON

Imaj 2a
**Lang prensipal yo pale nan Distri Lekòl Piblik yo
Espanyòl, pòtigè, chinwa, kreyòl ayisyen, ak arab**

Plan asistans
pou lang



MPO
REJYON
BOSTON

Imaj 2b
Lang prensipal yo pale nan Distri Lekòl Piblik yo
Vyetnamyen, ris, japonè, fransè ak somalyen

Plan asistans
pou lang

Nan sa ki gen pou wè ak lang ki pale pi souvan yo, kantite done MDOE sou menm liy ak done PUMS yo. Espanyòl se lang ki pi pale pamí ELL yo, pòtigè, chinwa, ak kreyòl ayisyen vini apre. Men, pousantaj ELL yo pa toujou koresponn ak done ACS yo. Pou twa lang yo, gen yon pi gwo pousantaj ELL pase moun ki se LEP. Byenke 36.5 pousan moun ki LEP yo pale espanyòl, plis pase mwatye nan tout ELL yo pale espanyòl. Moun ki pale pòtigè yo konstitye 11.3 pousan moun ki se LEP yo men 18.3 pousan ELL. Moun ki pale Arab yo konpoze 2.1 pousan moun ki se LEP yo men 2.9 pousan ELL. Plizyè lang gen yon pataj ELL ki pi ba pase moun ki se LEP yo. Chinwa (5.9 pousan pa rapò ak 16.7 pousan), Ayisyen (5.0 pousan pa rapò ak 7.1 pousan), Vyvetnamyen (2.5 pousan pa rapò ak 5.0 pousan), Rus (1.4 pousan pa rapò ak 3.3 pousan), Fransè (0.9 pousan pa rapò ak 3.8 pousan), ak Somali (0.6 pousan pa rapò ak 1.1 pousan).⁹ Japonè se apeprè menm kantite nan toulede gwoup yo (0.8 pousan pa rapò ak 0.9 pousan).

Done sa yo sijere ke moun ki pale chinwa, ayisyen, fransè, vyetnamyen, ak ris, pi souvan se adilt oswa adilt ki san timoun ki gen yon plis bezwen pou sèvis lang, alòske pou pòtigè ak espanyòl, gen plis chans pou timoun ak fanmi yo bezwen sèvis yo. Sa se enfòmasyon ki enpòtan ki ede MPO a adapte sansibilizasyn an nan fason ki pi efikas ki baze sou kominate ak lang yo pale yo.

2.2 FAKTÈ 2: FREKANS KONTAK

MPO a gen kontak ki pa souvan epi ki pa previzib ak moun ki LEP yo, pou pifò akoz nati pwogram ak aktivite MPO yo. Mwayen kontak anliy yo se sit entènèt MPO a, blòg *TRANSREPORT*, imel MPO yo, ak sondaj anliy yo. Lòt okazyon pou kontak ak moun ki LEP yo se lè estaf la patisipe nan rankont òganizasyon ki genyen moun ki LEP ka evènman MPO a akeyi, tankou atelye piblik ak jounen pòt ouvè yo. Gen kèk rankont ki fèt nan akò ak devlopman dokiman sètifikasyon MPO yo—Pwogram Amelyorasyon Transpò (Transportation Improvement Program, TIP), Plan Transpò Alontèm (Long-Range Transportation Plan, LRTP), ak Pwogram Travay Planifikasyon Inifye a (Unified Planning Work Program, UPWP)—alòske lòt yo fèt pandan aktivite angajman piblik ki fèt pandan tout ane a.

2.3 FAKTÈ 3: NATI AK ENPÒTANS PWOGGRAM, SÈVIS, AK AKTIVITE MPO YO

MPO a planifye epi finanse pwojè transpò yo epi fè etid nan rejyon Boston nan. Byenke MPO a pa founi sèvis transpò oubyen egzekite amelyorason yo dirèkteman, epi byenke refi oubyen reta aksè nan pwogram ak aktivite MPO yo pa t ap genyen enplikason touswit oubyen enplikasyon ki menase lavi LEP yo,

⁹ Nan done PUMS yo, Somali gwoupe ak Amarik ak lòt lang Afwo-Azyatik yo, kidonk pousantaj ki pale Somalyen an gen chans pou li mwens pase 1.1 pousan.

amelyorasyon transpò ki soti nan desizyon MPO yo genyen yon enpak sou mobilite ak kalite lavi tout rezidan yo.

Pwojè MPO a chwazi pou resevwa finansman federal yo pwogrese atravè estad planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon sou responsabilite minisipalite, ajans transpò eta ak otorite sikilasyon rejonal yo. Ajans mizanplas sa yo genyen pwòp politik pa yo anplas pou bay opòtinite pou LEP yo fasone pwosesis ki konsevwa ki kote, Kijan ak kilè yon pwojè presi aplike. Estaf MPO a konsantre sou efò asistans nan lang nan travay lajan MPO depanse nan yo a.

Kontribisyon tout moun ki enplike yo enpòtan anpil pou pwosesis planifikasyon transpò a, alò MPO a envesti gwo efò pou dirije angajman publik ki enkli tout moun. Estaf la ede publik la konprann pwosesis planifikasyon transpò a epi bay opòtinite kontini pou publik la fasone transpò a nan rejyon Boston. Aktivite angajman publik patikilye estaf la fè yo dekri nan POP MPO a.

Estaf la mennen angajman publik pou sipòte mizanplas fonksyon prensipal MPO a yo. Fonksyon prensipal yo genyen ladan yo, devlopman twa dokiman sètifikasyon MPO yo, etid, pwojè ak aktivite ki lye ak dwa sivil, ak jistics anviwònmantal MPO a finanse. Fonksyon sa yo bay opòtinite ki estriktire pou estaf la asire ke moun ki LEP yo ka bay kontribisyon ki enpòtan toutotan travay sa ap fèt. Konstriksyon relasyon ak kominate ak òganizasyon LEP ki reprezante yo a kontini enpòtan anpil, ke se pou yon efò pwofesyonèl presi oswa non. Travay sa pèmèt estaf la konstui konfyans, konprann bezwen ak metòd komunikasyon ki efikas, ogmante transparans, devlope nivo MPO a epi asire ke moun ki LEP yo gen opòtinite pou enplike bonè epi souvan.

2.4 FAKTÈ 4: RESOUS KI DISPONIB POU MPO A

An fonksyon kantite ak kalite rankont ke yo dwe tradwi materyèl pou yo a, MPO a te gen bidgè fon ki ase pou tradwi dokiman enpòtan yo nan senk lang LEP yo pale plis yo nan rejyon an, jan yo idantifye li anwo a. Bidjè a gen ase fon tou pou tradwi dokiman yo nan lòt lang, jan li nesesè, pou sansibilizasyon publik la oubyen pou reponn a demand yo. Jiska preznan, gen sèlman kèk moun ki te fè demand sa yo.

Politik MPO a se pou bay sèvis tradiksyon ak entèprèt lè yo mande yo nan rankont MPO a patwone yo. Byenke MPO a te fè publisite ke li genyen entèprèt ki disponib, yo pa t janm mande okenn nan yo jiska preznan. Malgre MPO a an mezi pou founi sèvis tradiksyon lang ak resous ki egziste jiska preznan yo, rejyon an dinamik e li kontinye ap atire popilasyon etnik ak kiltirèl divèsifye. Kidonk, MPO a ap kontinye kontwole bezwen pou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo dapre

faktè en jiska twa nan kat faktè analiz yo ak kantiite demann li resevwa yo. MPO a ap detèmine si politik aktyèl la ta dwe ajiste akoz kontrent resous yo.

Chapit 3— Bay asistans pou lang

3.1 ASISTANS NAN LANG ORAL

3.1.1 Angajman piblik fizik

MPO a bay sèvis entèprèt sou demann ak avi de semèn alavans. Avi pou tout rankont eta yo endike enfòmasyon sa yo ak kijan pou mande yon entèprèt.

Kantiite moun LEP nan rejyon Boston, ansanm ak entèraksyon ke yo fè raman ak MPO a, te vle di ke yo pa mande MPO a founi sèvis lang oral souvan. Men, sa pa nesesèman vle di ke pa gen bezwen pou tradiksyon pami popilasyon rejyon an oubyen ke yo p ap fè konnen bezwen sa alavni.

Estaf la bay entèprèt nou nan evènman sansibilizasyon yo kote yo prevwa ke moun ki LEP yo ap patisipe. Done lang etid estaf la ki soti nan ACS ak lekòl ak diskisyon ak patnè lokal yo pou detèmine bezwen potansyèl nan lang, paske done ACS ak lekòl yo ka pa sifi pou lokalize pou jwenn imaj konplè bezwen lang yo. Lè yo angaje ak piblik la, estaf la ap chèche fè patenarya espesyalman ak òganizasyon ke manm yo gen LEP epi itilize entèprèt pou asire ke yo ka bay kontribisyon.

3.1.2 Angajman piblik fizik

Bezwen pou fè angajman piblik nan fason vityèl pandan pandemi COVID-19 la te fè anplwaye yo ogmante opòtinite yo pou angaje ak MPO a anliy. Tout rankont MPO yo ak evènman MPO a akeyi yo fèt atravè platfòm rankont anliy Zoom.

Estaf la fè tout efò pou bay sèvis ki egal ak sa yo ofri nan rankont fizik yo.

Patisipan yo ka mande yon entèprèt omwen de semèn alavans.

3.2 ASISTANS NAN LANG EKRI

3.2.1 Dokiman enpòtan yo

MPO a bay tradiksyon ekri pou dokiman vital yo jan règleman federal yo egzije I la. Dokiman vital yo se sa yo ki genyen enfòmasyon ki enpòtan anpil pou jwenn sèvis MPO yo oswa ke lalwa egzije. MPO te detèmine ke yo konsidere dokiman ak materyèl yo vital si yo pèmè piblik la konprann epi patisipe nan pwosesis planifikasyon transpò rejyonal la. Dokiman sa yo enkli sa ki annapre yo:

- Avi sou Dwa ak Pwoteksyon kont Diskriminasyon
- Pwosedi pou Plent ak fòmilè
- Dokiman ak medya ki pèmèt moun ki gen LEP yo patisipe nan fonksyon prensipal MPO yo enkli dokiman sansibilizasyon piblik, ankèt ak lòt medya ke yo bay opinyon atravè yo.

- Rezime Egzekitif LRTP, TIP, UPWP, ak Rapò Tit VI ki soti chak twa zan an
- LAP
- Avi rankont yo prepare pou tout rankont MPO a patwone, atelye, fowòm ak lòt evènman angajman piblik, ki ka enkli avi fizik (flayè) ak avi elektwonik tankou Twitter ak mesaj imel ak afich sou sitwèb

Estaf la tradui dokiman ki vital yo nan ominimòm senk lang moun ki gen LEP nan rejyon an pi pale yo: Espanyòl, Chinwa (senplifye ak tradisyonèl), Pòtigè, Kreyòl, ak Vyetnamyen. MPO a pa tradwi dokiman enpòtan yo nan tout lang sekirize yo a pou plizyè rezon: 1) anplwaye yo pa antre an kontak ak LEP yo souvan oubyen sou yon baz regilye; 2) tradiksyon an se yon efò ki mande anpil resous; epi 3) nan rejyon MPO a, kat premye lang sekirize yo konpoze twa ka nan lang ki pa anglè yo pale. Anplis, Avi sou Dwa ak Pwoteksyon kont Diskriminasyon yo te devlope pou tout MPO Massachusetts yo itilize dapre Depatman Transpò Massachusetts la (Massachusetts Department of Transportation, MassDOT). MassDOT founi tradiksyon pou avi a tou nan sèt lang: Espanyòl, chinwa (tradisyonèl ak senplifye), pòtigè, kreyòl, rus, ak vyetnamyen. Fòm pou plent ak pwosedi MPO yo tradui nan onz lang anplis anglè.

Apwòch MPO a ka pa reponn a tout bezwen lang yo. Baze sou analiz done lang MDOE yo, byenke anpil nan moun ki LEP ki pale senk nan lang sekirize ki pi komen yo, konsantre nan rejyon iben yo, espesyalman nan alantou Boston ak Framingham, moun ki pale lòt lang yo gen tandans pou yo pi dispèse sou plan jewografik. Nan lespri sa, politik MOP a se pou idantifye bezwen lang pou zòn kote I ap fè sensibilizasyon yo—pa egzanp, rankont piblik pou LRTP, TIP, oswa UPWP—epi founi tradiksyon ekri nan lòt lang yo jan sa nesesè. Pou ede apwòch sa, estaf la idantifye lang yo pale nan kote yo fè evènman piblik yo atravè kolaborasyon ak patnè komunitè yo.

3.2.2 Sitwèb MPO

Pou reponn ak bezwen tradiksyon sit entènèt la, sit entènèt MPO a ebèje Google Translate, yon zouti ki baze sou navigatè a ki tradwi kontni sit entènèt la nan plis pase san lang, ki enkli tout lang Sekirize nan rejyon Boston nan. Dokiman MPO yo afiche sou sit entènèt la antanke fichye PDF ak sou fòma HTML, ki pèmèt yo ka li awotvwa pa yon lektè ekran, epi pèmèt itilizasyon Google Translate pou tout dokiman ki sou sit entènèt la. Anplis, moun ki LEP yo ka konfigire lang navigatè entènèt yo tou pou youn ke yo chwazi.

3.2.3 Imel, sondaj ak rezo sosyo

Imel se metòd prensipal anplwaye MPO yo kominike ak piblik la. Tout manm nan piblik la ka enskri nan youn oswa plizyè lis imel MPO yo. Tout imel sa yo ka

tradui lè ou klike sou lang ki apwopriye a nan anlè imel la. Tradiksyon yo fèt pa Google Translate epi yo disponib nan plizyè douzèn lang, ki enkli tout lang sekirize yo.

Sondaj MPO yo prèske toujou fèt anliy akoz frekans ke anplwaye yo fè sondaj yo, pri yo ak kantite moun yo rive jwenn. Sondaj yo pèmèt pèsonèl la bay plizyè tradiksyon fasilman nan yon depans ki rezonab pou MPO a. Pou moun k ap reponn ki antre nan sondaj la atravè yon imel MPO ke etab la bay pou sondaj ki tradui a. Sondaj yo tradui nan lang espanyòl, chinwa (senplifye ak tradisyonèl), pòtigè, kreyòl, ak vyetnamyen.

Chapit 4—Kontwòl ak mizajou plan an

Estaf MPO a kontinye kontwole bezwen lang k ap chanje nan rejyon an yo, epi mete sèvis asistans lang yo ajou nan fason ki apwopriye. Estaf la ekplore nouvo sous done ki bay konpreyansyon ki pi distenge sou bezwen lang rezidan nan rejyon an ak nouvo teknoloji ki ogmante kapasite aktivite MPO yo pou plis moun. Byenke MPO a pa t resevwa okenn demann pou asistans nan lang oral nan rankont MPO a patwone yo nan twa ane ki pase yo, sa pa vle di ke p ap gen yon bezwen alavni. Pou asire ke moun ki LEP yo okouran de MPO a ak sèvis ak pwogram li bay yo, estaf la ap kontinye amelyore angajman li, estaf la ap kontinye amelyore angajman li ak manm popilasyon sa ak òganizasyon kominotè ke yo sèvi. Toutotan nouo done sou lang ap vin disponib epi apwoch pou ede moun ki gen LEP yo ap revize, LAP sa ap revize.